



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE SANT TERAPI SELILÈ AK JENETIK NAN ROSWELL PARK COMPREHENSIVE CANCER CENTER NAN BUFFALO

Etablisman fabrikasyon terapi selilè ak jenetik 98 milyon dola an pral sipòte rechèch ak devlopman teknoloji ki sove lavi ki gen ladan terapi selilè pou konbat kansè

Nouvo sant lan pral sipòte tou efò pou atire konpayi syans lavi prensipal yo ak nouvo djòb nan New York

Gouvènè a te anonse de sant terapi selilè ak jenetik nan kad vizyon Eta Leta a pou devlope nouvo sektè syans lavi k ap grandi rapid nan New York

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke sant terapi selilè ak jenetik New York la pral loje nan Roswell Park Comprehensive Cancer Center (Sant Kansè Konplè Roswell Park) nan Buffalo, Konte Erie. Sant 98 milyon dola sant lan pral ede sipòte rechèch ak devlopman terapi pou sove lavi nan Roswell, ogmante anpil kapasite rechèch li ki byen etabli, epi etabli Roswell kòm youn nan premye enstitisyon dekouvèt ak pwodiksyon terapi selilè nan nasyon an epi katalize kwasans sektè terapi selilè ak jenetik nan lwès NY. Ekspansyon an reyalize tou angajman Eta Leta 2023 Gouvènè Hochul te pran pou tabli yon sant terapi selilè ak jenetik nan nò Eta a epi ranfòse lidèchip eta a nan sektè syans lavi k ap grandi byen vit la.

"Avni medsin se nan terapi selilè ak jenetik epi nouvo sant sa a nan Roswell Park Comprehensive Care Center pral mete Lwès New York – ak tout Eta New York – nan nivo tretman dènve ak terapi ki sove lavi yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan diskou m sou Eta Leta a, mwen te angaje pou m investi nan sektè k ap grandi rapid tankou syans lavi yo, epi gras ak yon investisman 30 milyon dola eta a, nouvo etablisman Roswell la pral ede solidifye avni eta nou an nan domèn nan, kreye djòb 21yèm syèk la epi bay jenerasyon Nouyòkè yo espwa ki konte sou tretman enpòtan sa yo".

Empire State Development pral investi 30 milyon dola pou ede nan elaji kapasite rechèch aktyèl pou terapi selilè ak jenetik nan Roswell's Therapeutic Cell Production Facility soti sis rive 20 chanm pwòp espesyalize, sa ki fè li pi gwo etablisman rechèch terapi selilè ak jenetik akademik ak fabrikasyon peyi Etazini. Nouvo etablisman an pral senplifye chak etap nan pwosesis devlopman terapi selilè, diminye chemen an soti nan

rechèch rive nan pwodiksyon. Li pral ankouraje kwasans jèn antrepriz ki komèsyalize terapi sa yo, ogmante envestisman prive, ranfòse rezèv talan eta a ki konsantre sou inovasyon, epi atire patenarya avèk konpayi byofamasetik yo.

Roswell pral konsantre sou devlopman terapi selilè ak jenetik pou atake timè solid yo. Terapi selilè aktyèl kont kansè yo vize sa yo rele timè likid, tankou lesemi ak lenfòm. Pandan ke terapi selilè se yon domèn terapi kansè ki toujou ap emèje, premye siksè yo te montre ke li ka mennen nan repons dirab pou 80 pousan oswa plis nan pasyan ki gen sèten kalite timè maliy ki baze sou san - kansè ki te konsidere kòm pa ka trete. Devlopman terapi selilè ki vize timè solid tankou sa yo ki nan tete, kolon ak nan poumon - ki pi komen - se yon objektif enpòtan pou chèchè kansè yo.

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Roswell Park la ak Prezidan nan Direksyon M&T Bank, Candace S. Johnson, PhD, te deklare, "Atravè lidèchip yo nan rekonèt ak envesti nan inovasyon ki gen pouvwa pou sove pifò moun, Gouvènè Hochul ak Empire State Development ap asire yon avni ki pi an sante, ki gen plis espwa pou Nouyòk yo. Ekspè ki pi respekte ak akonpli nan terapi selilè yo mete pasyon yo nan travay nan Roswell Park paske yo ka inovè nan Roswell Park nan fason yo tou senpleman pa kapab okenn lòt kote, epi sa vle di dimansyon ak resous san parèy ki benefisye pasyan Roswell Park yo".

Prezidan Konsèy Administrasyon Roswell Park la, Leecia Eve, Esq., te deklare, "Patenarya ak sipò pou Roswell Park nan men Gouvènè Hochul ak Empire State Development kontinye ap yon modèl egzanplè pou maksimize avantaj kreyativite Eta New York. Roswell Park te akimile yon ekspètiz ak kapasite enkwayab nan domèn terapi selilè k ap devlope sa a, epi grasa sipò ESD nou kapab akselere vè objektif nou pou kreye youn nan pwogram ki pi gwo ak pi konplè nan kalite li yo nenpòt kote nan mond lan".

Terapi selilè ak jenetik se youn nan domèn k ap grandi pi vit nan syans lavi epi New York gen yon pozisyon inik pou ede devlope nouvo sou-sektè endistri syans lavi k ap grandi anpil la. Terapi selilè ak jenetik la atake maladi, tankou kansè, nan fabrike selilè pasyan ki repwograme pou swa repara sila yo ki lakòz maladi oswa touye timè yo. Kounye a, Eta a klase nan twa prensipal yo pou sibvansyon NIH, kantite patant, ak kantite esè klinik terapi selilè ak jenetik, epi li ta dwe rekòlte gwo avantaj lè li konsantre sou devlopman terapi selilè ak jenetik.

Gouvènè Hochul te anonse kreyasyon de sant terapi selilè ak jenetik – youn nan pati nò ak youn nan pati sid eta a – nan diskou sou Eta Leta 2023 li a kòm youn pati nan efò kontinyèl li pou sipòte kwasans ak inovasyon nan Eta New York. Chak sant pral lokalize ansanm enfrastruktir, teknoloji ak sèvis terapi selilè ak jenetik ki enpòtan anpil pou asire ke New York gen talan ak enfrastruktir ki nesèsè pou dirije nan domèn sa a. ESD kontinye angaje ak patnè yo sou etablisman youn sant nan pati sid eta a.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Konsantre kapasite sa yo nan de kote epi konekte yo atravè

eta a pral fè New York tounen yon pisans nan devlopman terapi selilè ak jenetik. Angajman Gouvènè Hochul pou devlope terapi selilè ak jenetik ofri gwo potansyèl pou ogmante pwopriyete entelektyèl, kreye ak atire konpayi yo pou komèsyalize pwodwi sa yo, atire investisman prive, epi fòme patenarya ak konpayi byofamasetik yo".

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Roswell Park gen yon istwa long ak yon avni briyan kòm yon lidè atravè lemond nan devlopman tretman kansè inovatè ak dekouvèt. Investisman Gouvènè Hochul sa a se plis pase yon angajman pou lasyans. Se yon angajman pou tout fanmi ki nan New York ak lòt kote k ap chèche espwa ak viktwa nan batay kont kansè".

Senatè Eta a, Timothy M. Kennedy te deklare, "Roswell Park Comprehensive Cancer Center kontinye sèvi kòm yon limyè espwa pou anpil moun, non sèlman grasa swen reflechi ki santre sou pasyan yo, men tou atravè rechèch inovatè li se pyonyè chak jou. Investisman eta sa a pral kontinye alimante misyon sa a epi analize opòtinite tretman dinamik ki pral sove lavi epi fè domèn medikal nou an avanse".

Lidè Majorite Asanble a Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, "Nouvo etablisman fabrikasyon akademik Roswell Park pou terapi selilè ak jenetik pral chanje jwèt la pou tout moun, kòm pi gwo nan peyi a, etid yo montre yon pwomès konsiderab kont sèten kalite kansè. Li pral bay tou opòtinite antreprenarya ak travay pou pati ki enterese yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak Empire State Development paske nou rann sa posib".

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Roswell Park Comprehensive Cancer Center gen rekonesans entènasyonal kòm yon lidè nan swen ak tretman kansè, epi nouvo sant terapi selilè ak jenetik la pral ranfòse repitasyon sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li fè investisman enpòtan sa epi ki gen potansyèl pou sove lavi".

Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare, "Roswell Park kontinye ap yon limyè espwa pou fanmi kansè afekte nan tout rejyon Lwès New York ak pi lwen. Nouvo etablisman sa a pral kreye tretman revolisyonè yo espere k ap mennen nan pi bon rezilta pou moun k ap goumen kont kansè yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou sipò li kontinye bay Roswell Park epi paske mete sante Nouyòkè yo nan tèt ajanda li".

Ekspansyon Etablisman Pwodiksyon Selilè Terapetik Roswell la fè pati Inisyativ Syans Lavi 620 milyon dola Eta New York lan ki fèt pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak ogmante kapasite eta a genyen pou komèsyalize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje investisman enpòtan nan sektè piblik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi nan New York. Li Plan Estratejik Inisyativ pou Syans Lavi Eta New York la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418